



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL FÒMÈLMAN DEDYE AK ANONSE MONIMAN
KOMEMORASYON TRAVAYÈ SOU OTOWOUT YO NAN GWO FWA 2021 ETA
NEW YORK LA**

***Moniman Komemorasyon an Onore Travayè Ki Pèdi Lavi yo nan Pwoteje Piblik la
Pandan y ap Kenbe yon Sistèm Otowout an Sekirite nan New York***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon nouvo moniman komemorasyon k ap onore travayè sou otowout ki mouri yo nan New York nan Gwo Fwa 2021 Eta New York la. Moniman komemorasyon an, ki lokalize toupre antre ki nan mwaye wout epi sou bò lwès Bilding Ôtikilti sou pak atraksyon an, onore tout travayè transpò ki mouri pandan yo t ap fè travay yo sou oswa toupre plizyè milye kilomèt otowout nan New York yo, ki gen ladan yo, anplwaye Depatman Transpò Eta a ak Otorite Thruway yo, travayè otowout minisipal yo, kontraktyèl yo, konsiltan ak anplwaye sèvis remòkaj yo.

"Moniman komemorasyon sa a onore Nouyòkè ki travay di epi ki te riske sekirite pèsònèl yo pou konstwi pon nou yo, betone wout nou yo epi kenbe enfrastrikti nou pou rès nan nou yo ka rive nan destinasyon nou yo an tout sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa pral sèvi kòm yon omaj dirab ak tout sila yo ki pèdi lavi yo pandan yo t ap fè travay yo epi kòm yon rapèl ke travayè devwe sa yo deyò a chak jou pou rann wout ak pon nou yo pi an sekirite. Nou dwe yo tout yon dèt rekonesans".

Selon Biwo Estatistik Travay federal la (federal Bureau of Labor Statistics), soti 2003 pou rive 2017, 1,844 travayè pèdi lavi yo sou sit konstriksyon wout yo nan tout peyi Etazini an, sa ki bay yon mwayèn 123 chak ane. Depatman Transpò Eta a poukont li pèdi 56 travayè pandan egzistans li.

Nouvo moniman komemorasyon an gen ladan l yon pyès metrès ki prezante yon eskilpti bwonz pèl, kask ak bòt sou yon platfòm ki antoure ak kat kòn sikilasyon bwonz epi yon plak dedikas. Li gen ladan l pasaj pyeton betone ak chèz pou fè refleksyon respektive. Gen ti pyebwa ak pyebwa ki plante alantou pyès metrès la epi tout deyò moniman komemorasyon an.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Moniman komemorasyon sa a se yon omaj dirab anvè anpil travayè sou otowout ak nan transpò ki mouri nan sèvi piblik la. Nou gen rekonesans etènèl pou fanm ak gason ki konstwi, travay epi fè antretyen wout nou yo epi nouvo moniman komemorasyon sa a pral sèvi

kòm yon rapèl dirab ak tout Nouyòkè yo sou travay yo fè ak danje yo fè fas pou kenbe nou tout an sekirite. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Gwo Fwa Eta New York la pou èd yo nan rann moniman komemorasyon sa a tounen yon reyalite. Epi, tanpri, lè w ap kondi nan yon zòn travay sou otowout, depoze telefòn ou, kenbe je w sou wout la, ralanti epi prensipalman, fè atansyon - gen lavi ki depann de li".

Direktè Egzekitif Otorite Thruway a, Matthew J. Driscoll te deklare, "Nou pa dwe janm bliye gason ak fanm ki te pèdi lavi yo pandan yo t ap travay pou rann wout nou yo pi an sekirite. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, DOT ak Fwa Eta New York la pou sipò yo ak dèske yo fè omaj touchan sa tounen yon reyalite. Travayè sou otowout nou yo riske lavi yo chak jou pou kenbe ak amelyore otowout nou yo, epi moniman komemorasyon sa a se yon vrè rapèl sou devouman ak sakrifis yo. Ede rann otowout nou yo pi an sekirite nan rete alète epi ralanti lè ou wè limyè ijans yo".

Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare, "Chak jou, travayè sou otowout nou yo fè fas ak sityasyon danjere pandan y ap reyalize travay esansyèl pou fè antretyen wout ak pon New York yo pou sekirite nou. Lapolis Eta a rekonèt sakrifis travayè sou otowout sa yo ki te pèdi lavi yo pandan yo t ap fè travay yo. Nouvo moniman komemorasyon sa a sèvi kòm yon omaj apwopriye ak sèvis yo epi kòm yon rapèl pou tout moun pou mete sekirite an premye lòske yo dèyè volan".

Troy Waffner, ki se Direktè Fwar Eta New York la, te deklare, "Moniman komemorasyon sa a se yon omaj ki bèl ak touchan pou lavi gason ak fanm ki mouri pandan yo t ap kenbe wout ak pon nou yo an sekirite. Nou onore pou nou se kay li. Plizyè santèn Nouyòkè pral wè moniman sa a chak ane ak sonje pou fè pati pa yo pou pwoteje travayè sou otowout esansyèl nou yo".

DOT travay pandan tout ane a pou amelyore sekirite pou mendèv li a. Kounye a yo ap itilize ralantisè sonò pòtatif ki vin anvan zòn travay yo epi ki anpeche kondwi ak distraksyon nan chak rejyon nan eta a pou zòn travay antretyen ak kontraktè pwojè yo pou yo pi byen pwoteje moun k ap fè sikilasyon ak travayè transpò yo. Epitou, n ap plase kamera pou zòn travay nan zòn travay antretyen DOT yo ak nan zòn travay pwojè kontraktè yo atravè New York pou pi byen pwoteje travayè transpò yo.

Ane sa a, Otorite Thruway a ap deplwaye plis pase yon douzèn nouvo kamyon nan tout kat divizyon antretyen li yo atravè eta a ak teknoloji amelyore ki konsantre dirèkteman sou amelyorasyon sekirite zòn travay yo. Veyikil yo gen gwo ekran rada ki alète otomobilis yo sou limit vitès nan zòn travay la konpare ak vitès y ap fè lè y ap pwoche, flèch ki bay direksyon, bagay pou atenye enpak aksidan sikilasyon ak pi gwo bokit pou moun ki ranfòse ki gen pòt batant pou pèmèt deplwaye oswa retire kòn ak baril yo yon fason pi fasil epi pi sekirize.

Anons jodi a vini nan yon moman kote Lapolis Eta New York la ak òganis fòs lòd lokal yo ap ekri yon kantite kontravansyon ki bat rekò pou sanksyone otomobilis ki dezobeyi ak lwa sou machin ak sikilasyon yo yon fason flagran nan zòn travay sou otowout yo nan kad Operasyon Hardhat la. Ane pase a, Polis Eta te bay 1,770 tikè pandan aktivite

"Operasyon Kask Sekirite" yo, ki te depase total 2019 la prèske a 70 pousan. Deja nan ane sa a, lapolis ak òganis fòs lòd lokal yo te emèt plis pase 1,600 kontravansyon nan kad inisyativ la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)